

# PWOTEKSYON KONSOMATÈ YO KONSÈY POU FANM YO

*Fanm yo gen difikilte yo sèl konfwonte nan travay ak sou mache a. Depatman Zafè Konsomatè te kreye konsèy sa yo pou edike fanm yo sou fason pou yo pwoteje tèt yo ak ki kote yo ta dwe ale pou jwenn èd.*

## ANNDAN:

Ajans pou Anplwa p.3

Finans p.6

Pwogram ak Sèvis pou Kreye Revni p.9

Achte Machandiz ak Peye pou Sèvis p.11



Office of the Mayor

### Consumer Affairs

Lorelei Salas  
Commissioner

### Commission on Gender Equity

Azadeh Khalili  
Founding Executive Director

### Mayor's Office to Combat Domestic Violence

Cecile Noel  
Commissioner



# KONSÈY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU FANM: AJANS ANPLWA

## ANVAN OU KONTINYE LI...

### Kisa yon ajans pou anplwa ye?

Yon ajans pou anplwa ede anplwayè yo jwenn anplwaye e li ede moun k ap chèche djòb jwenn yon travay depi yo peye yon frè pou sèvis la.

### Jwenn èd gratis.

Vil la ofri èd gratis pou moun k ap chèche djòb. Al gade nan [nyc.gov/workforce1](https://nyc.gov/workforce1) oswa rele nan 311 epi mande kote gen yon Workforce1 Career Center.

Si ou travay avèk yon ajans anplwa pou jwenn yon djòb, men konsèy ki ka ede ou.

## KONSÈY JENERAL

### ■ Itilize yon ajans pou anplwa ki lisansye.

Ajans pou anplwa yo dwe gen yon lisans yo resevwa nan men Depatman Zafè Konsomatè (Department of Consumer Affairs - DCA).



Al gade nan [nyc.gov/dca](https://nyc.gov/dca) oswa rele nan 311 pou verifie si ajans lan gen yon lisans ak pou tcheke tout plent moun pote kont li.

### ENPÒTAN

- Ajans pou anplwa pa kapab fè ou peye pou lòt sèvis tankou klas fòmasyon oswa sètifikasyon.
- Èske w enskri nan yon lekòl ki bay fòmasyon nan domèn sekirite? Li dwe anrejistre avèk Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta New York la.
- Èske ou enskri nan yon lekòl ki bay fòmasyon pou travay nan ba? Biwo Sipèvizyon Lekòl Pwopriyete Eksklizif Eta New York lan sipèvize lekòl ki bay fòmasyon pou aprann travay nan ba.

### ■ Pa sèvi ak ajans pou anplwa ki “garanti” djòb.

Ajans pou anplwa yo pa kapab garanti yo pral jwenn yon djòb pou ou. Sèl bagay ajans yo kapab fè se refere ou nan djòb ki disponib epi ki peye omwen salè minimòm la.



Salè minimòm la se lejislasyon Eta New York State ak lejislasyon federal ki fikse li. Al gade nan [labor.state.ny.us](https://labor.state.ny.us) pou jwenn salè minimòm Eta New York lan.

### ■ Konnen kijan frè ajans travay yo mache. Ajans travay yo pa ka fè ou peye yon frè avan yo plase ou nan yon travay.

Frè yo pa ka plis pase maksimòm kantite lalwa pèmèt la.



Ale sou sitwèb [nyc.gov/dca](https://nyc.gov/dca) pou jwenn Lwa ak Règ ajans yo, ki gen enfòmasyon konsènan frè yo.

Ou gen dwa pou yo ranbouse ou tout kòb ou si ajans la te fè ou peye:

- Yon frè davans, frè garanti, frè enskripsyon, frè aplikasyon, oswa frè entèvyou. OSWA
- Pou refere ou bay yon lòt ajans travay oswa lekòl fòmasyon. OSWA
- Pou nenpòt bagay an plis tankou fòmasyon nan klas, foto, oswa pou evalye CV ou.

- **Egzije yon kontra alekri ki presi.** Ajans yo dwe ba ou kontra a okonplè anvan ou siyen li. Kontra ou ta dwe genyen:

- Non, adrès ak nimewo lisans DCA ajans lan
- Tip travay la
- Pri
- Kalandriye peman frè yo

Asire ou kontra alekri an koresponn ak antant aloral ou te genyen an.

Anvan pou ou siyen, mande ajans lan reponn tout kesyon ou yo alekri.

Ajans lan dwe ba ou yon kopi kontra a ak yon resi pou chak peman. Kenbe tout kopi yo nan yon kote ki an tout sekirite.

- **Pa reponn kesyon ki ilegal.** Eksepte si se kalifikasyon ki valab pou djòb la, li ilegal pou yon anplwayè oswa yon ajans poze kesyon konsènan:

- |                              |   |
|------------------------------|---|
| ○ Laj                        | ○ Eta sivil   |
| ○ Ras                        | ○ Sityasyon antanke patnè domestik                    |
| ○ Kwayans                    | ○ Sityasyon antanke moun k ap bay yon lòt moun swen   |
| ○ Relijyon                   | ○ Oryantasyon seksyèl                                 |
| ○ Koulè                      | ○ Sityasyon antanke etranje oswa sityasyon sitwayènte |
| ○ Orijin nasyonal            |   |
| ○ Sèks (si se fi oswa gason) |   |
| ○ Andikap                    |   |

- **Depoze yon plent avèk DCA.** Depoze yon plent avèk DCA sou Entènèt nan [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) oswa rele 311 pou depoze yon plent.

## FÈ ATANSYON...

### LEKÒL PREDATÈ

Gen dè santèn lekòl ki travay pou pwofi nan Vil NY. Klas yo ofri tout kalite fòmasyon, tankou reparasyon aparèy lè kondisyon ak kosmetoloji oubyen fòmasyon teknisyen medikal. Sèten lekòl gendwa fè elèv yo fè bagay ki pa bon. Yo gendwa:

- Fè ou pran anpil èd finansyèl.
- “Garanti” ou pral jwenn yon djòb apre ou fin gradye.
- Bay manti sou valè diplòm ou an, ikonpri si yo pral transfere kredi ou nan yon lòt lekòl.

*Sonje:*

- Èd finansyèl se anjeneral yon prè ou dwe repeye. Se pa yon bousdetid.
- Fè rechèch sou plizyè lekòl.
- Pa enskri menm jou ou vizite yon lekòl.
- Mande yo ba ou politik lekòl la pou anilasyon ekolaj la alekri.

**Rele 311** pou depoze yon plent kont yon lekòl edikasyon siperyèl.

## ASISTANS GRATIS


- Al gade nan [nyc.gov/workforce1](https://nyc.gov/workforce1) oswa rele nan 311 epi mande ki kote gen yon Workforce1 Career Center gratis.
- Al gade nan [nyc.gov](https://nyc.gov) oswa rele nan 311 epi mande ki kote ou kapab jwenn pwogram edikasyon pou adilt ki bon mache oswa ki gratis.

## LÒT RESOUS

- Li lòt Konsèy sou Pwoteksyon Konsomatè pou Fanm yo:
  - FINANS
  - PWOGRAM AK SÈVIS POU KREYE REVNI
  - ACHTE MACHANDIZ AK PEYE POU SÈVIS
- Al gade nan [nyc.gov/dca](https://nyc.gov/dca) pou jwenn plis enfòmasyon, ikonpri:
  - [Deklarasyon Dwa Moun k ap Chèche Djòb](#)
  - [Deklarasyon Dwa Anplwaye ak Responsabilite Anplwayè yo](#) (anplwaye nan kay oswa domestik)
  - [Lwa Vil NY sou Konje Maladi Peye](#)
  - [Lwa Vil NY sou Benefis pou Pasaje ki Fè Ale-Retou](#)
- Biwo Majistra a pou Zafè Imigre (Mayor's Office of Immigrant Affairs - MOIA): Al gade nan [nyc.gov/immigrants](https://nyc.gov/immigrants) pou jwenn enfòmasyon konsènan [Travayè Imigre](#) ak [Djòb ak Travay](#).
- Sèvis pou Ti Biznis (SBS): Al gade nan [nyc.gov/sbs](https://nyc.gov/sbs) pou jwenn [Asistans pou Moun k ap Chèche Djòb](#).
- Komisyon Dwa de Lòm: Al gade nan [nyc.gov/humanrights](https://nyc.gov/humanrights) oswa kontakte 311 pou pote plent osijè diskriminasyon. Li [Imigre ak Dwa de Lòm nan Vil NY nan Travay ak Lakay](#).

# KONSÈY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU FANM: FINANS

## KONSÈY JENERAL

- **Ouvri yon kont labank oswa yon kont nan yon kès depay.** Vil la ofri kont kouran ak kont depay ki an tout sekirite epi ki bon mache. Pwogram sa yo gen ladann:
  - **NYC Direct Deposit:** Ou kapab louvri yon kont kouran gratis si ou depoze dirèkteman chèk salè ou nan kont sa a. Kont la pa chaje frè masyèl; pa gen opsyon dekouvè (overdraft) pou acha ak kat debi oswa retrè lajan nan ATM; pa gen egzijans balans minimòm oswa balans minimòm ki ba; sèvis bankè sou Entènèt ki gratis ak peman bòdwo; retrè gratis nan ATM ki andedan rezo an.
  - **NYC SafeStart Account:** Ou kapab louvri yon kont depay pou debitan. Kont la pa chaje frè pou dekouvè (overdraft); pa gen frè masyèl si ou satisfè balans minimòm yo; egzijans balans minimòm ki \$25 oswa mwens, selon enstitisyon finansyè a; kat ATM oswa kat debi.
- Al gade nan [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) oswa kontakte 311 pou jwenn plis enfòmasyon osijè [NYC Direct Deposit](#) oswa [NYC SafeStart Account](#).
-  Ou kapab itilize IDNYC pou louvri yon kont kouran oswa yon kont depay nan youn nan bank oswa kès depay ki patisipe nan IDNYC yo. Al gade nan [nyc.gov/idnyc](http://nyc.gov/idnyc) oswa kontakte 311 pou jwenn adrès sikisal yo.
- **Siveye epi jere depans ou yo.** Kreye epi pa depase bidjè ou se premye etap pou reyisi jere ak ekonomize lajan.
- **Pran kontwòl dèt ou.** Dèt kapab akimile rapidman epi domaje rapò kredi ou, kapasite pou ou lwe yon apatman oswa pou achte yon kay, ak plis bagay toujou. Vil la kapab ede ou boule avèk kreyansye ak kolektè dèt, konsolide peman epi kreye yon plan peman. Al gade nan ASISTANS GRATIS.
- **Ekonomize pou sa ou pa ka prevwa... menmsi se yon tikras sèlman.** Ijans moun pa prevwa tankou pèdi travay ou oswa pwoblèm sante gendwa gate yon bidjè ki sere. Pwoteje tèt ou: ekonomize regilyèman, menmsi se yon ti montan lajan sèlman. Eseye yon plan pou ekonomize otomatikman ki ede ou ekonomize san efò chak fwa ou touche grasa depo dirèk oswa transfè otomatize.
- **Fè atansyon avèk kat debi ki prepeye yo.** Yon kat debi ki prepeye gendwa ede ou pa depase bidjè ou men siveye frè ki kache yo.
- **Pran avantaj pwogram planifikasyon finansyè gratis ak zouti yo pou planifye lavni ou.** Al gade ASISTANS GRATIS ak LÒT RESOUS.

## KISA POU CHÈCHE LÈ W AP LOUVRI YON KONT KOURAN KI AN TOUT SEKIRITE E KI BON MACHE:

### Pa gen frè oswa frè yo ba

- Frè dantretyen oswa frè sèvis ki \$3 oswa mwens
- Itilizasyon gratis gichè otomatik ATM andedan rezo an
- Pa gen frè pou itilize kat debi
- Pa gen opsyon dekouvè (overdraft) pou acha ak kat debi oswa pou retire lajan nan ATM

### Minimòm ak Tranzaksyon yo

- Egzijans pou balans minimòm ak pou depo inisyal ki ba (\$25 oswa mwens)
- Anpil fason pou tcheke balans sou kont ou gratis (nan Entènèt, telefòn, mesaj tèks, ATM)
- Pa gen okenn egzijans frè masyèl pou tranzaksyon ki rezonab (pa egzanp, depo dirèk, ATM)

## FANM KI ANTREPRENÈ

Women Entrepreneurs NYC (WE NYC) konekte fanm antreprenè avèk resous, edikasyon ak kominote yo bezwen an pou kòmanse ak devlope yon biznis ki mache byen. Grasa sesyon WE Master Leadership ak WE Master Money gratis yo: Atelye travay sou Kredi ak Finansman, fanm antreprenè yo kapab devlope konpetans yo nan domèn jesyon moun, etablisman kredi ak finansman. WE NYC ofri fanm aksè pou yo jwenn mantò ak yon rezo antreprenè ki reyisi grasa WE Connect Mentors ak pwogram WE Connect Events yo. Si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan pwogram sa yo, si ou vle antre nan kominote a, jwenn aksè nan gid pou demare yon biznis ak resous anplis pou sipòte fanm antreprenè, al gade nan Pòtay WE Connect lan nan [we.nyc](http://we.nyc).

## SIVIVAN VYOLANS NAN KAY AK ABI FINANSYÈ

Si ou se yon sivivan vyolans nan kay, sa ki ka gen ladann abi ekonomik oswa finansyè, endepandans finansyè se yon etap enpòtan pou ou kapab santi ou gen fòs ak sekirite.

- **Priz de konsyans finansyè.** Abi ekonomik oswa finansyè konn rive lè yon moun sèvi ak lajan oswa machandiz pou kontwole yon lòt moun. Se abi finansyè—ak vòl idantite—lè yon moun itilize non pitit ou, patnè ou oswa paran ou yo *san pèmasyon* yo pou louvri kont, tankou yon kont pou sèvis piblik.
- **Pwoteje Tèt Ou Finansyèman.**
  - Louvri pwòp kont labank ou—epi mete non ou sèlman sou li. Ou gendwa fè l menmsi ou pa gen anpil lajan.
  - Kenbe dokiman idantite ak enfòmasyon finansyè ou yo yon kote ki sekirize.
- **Reparasyon Finansyè ak Retablisman.**
  - Ou ka jwenn konsèy finansyè gratis nan Sant Jistis pou Fanmi (NYC Family Justice Centers - FJC) nan chak minisipalite. Konseye finansyè ki byen fòme kapab ede ou kontwole finans ou yo, repare kredi ki domaje epi ekri yon rapò pou lapolis.
  - Konseye finansyè yo kapab mete ou an kontak tou ak avoka, si ou bezwen èd ak taks ou yo poutèt patnè ou te deklare yo pou ou san ou pa t konnen oswa san pèmasyon ou.

Al gade nan ASISTANS GRATIS.

## FÈ ATANSYON...

### PRÈ KI GEN KONDISYON ABIZIF

**Prè pou machin dezyèm men** se yon tip prè ki gen kondisyon abizif nou konn wè anpil. Souvan, prè sa yo pa bon pou moun k ap prete lajan an. Tankou pou lòt kalite prè yo, chèche epi konpare tèm ak kondisyon yo pou jwenn òf ki pibon pou ou an.

## ASISTANS GRATIS

- Jwenn konsèy finansyè gratis ak pwofesyonèl fas-a-fas nan NYC Financial Empowerment Center. Rele 311 pou pran yon randevou nan zòn ou oswa al gade nan [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) pou jwenn plis enfòmasyon.
- Mande yon kopi gratis rapò kredi ou epi analize li byen. Ale nan [annualcreditreport.com](http://annualcreditreport.com) oswa rele gratis nan 1-877-322-8228.
- Pou kapab jwenn resous pou sivivan vyolans domestik yo, ikonpri NYC Family Justice Centers, al gade nan [nyc.gov/domesticviolence](http://nyc.gov/domesticviolence) oswa rele nan 311.

## LÒT RESOUS

- Li lòt Konsèy sou Pwoteksyon Konsomatè pou Fanm yo:
  - AJANS ANPLWA
  - PWOGRAM AK SÈVIS POU KREYE REVNI
  - ACHTE MACHANDIZ AK PEYE POU SÈVIS

- Al gade nan [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) pou jwenn enfòmasyon osijè eskwokri ki egziste.
- WE NYC: Al gade nan [we.nyc](http://we.nyc) pou jwenn resous pou fanm antreprenè.
- Sèvis pou Ti Biznis (SBS): Al gade nan [nyc.gov/sbs](http://nyc.gov/sbs) pou jwenn Konsèy pou Fanm ki Antreprenè.
- Komisyon sou Egalite ant Gason ak Fi: Al gade nan [nyc.gov/genderequity](http://nyc.gov/genderequity) pou aprann kijan Vil la ap travay pou ede fanm yo.
- Asosyasyon Planifikasyon Finansyè New York (Financial Planning Association of New York - FPANY): Al gade nan [fpany.org](http://fpany.org) oswa rele nan 1-877-77-FPANY (1-877-773-7269) pou jwenn enfòmasyon osijè atelye travay ki gen ladann planifikasyon pou retrèt.
- Biwo Pwoteksyon Finansyè Konsomatè (Consumer Financial Protection Bureau - CFPB): Al gade nan [consumerfinance.gov](http://consumerfinance.gov) oswa rele 1-855-411-2372. Al gade Zouti Konsomatè CFPB an ki rele “Planifikasyon pou Pran Retrèt.”



## KONSÈY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU FANM:

# PWOGRAM AK SÈVIS POU KREYE REVNI

### KONSÈY JENERAL

- **Reklame tout benefis ak sèvis leta bay si ou kalifye pou yo.** Al gade nan [nyc.gov/accessnyc](http://nyc.gov/accessnyc) pou jwenn si ou kalifye pou pwogram sa yo:
  - **Asistans Finansyè:** *Asistans ak Lajan Kach, Asistans ak Enèji nan Kay epi kredi fiskal*
  - **Aliman ak Nitrisyon:** *Pwogram Asistans ak Nitrisyon Anplis (Supplemental Nutrition Assistance Program - SNAP), Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infants and Children - WIC), Repa lekòl ak pandan peryòd lete*
  - **Lojman:** *Seksyon 8, Egzanpsyon Ogmantasyon Lwaye Granmoun Aje (Senior Citizen Rent Increase Exemption - SCRIE), Egzanpsyon Ogmantasyon Lwaye akòz Andikap (Disability Rent Increase Exemption - DRIE), Egzanpsyon pou Veteran*
  - **Swen Sante ak Asirans:** *Patenarya Enfimyè-Fanmi ak Asistans pou Asirans Sante*
  - **Swen ak Edikasyon Bonè:** *Swen pou Timoun, Head Start, ak Prematènèl Inivèsèl (Universal Pre-K)*
  - **Pwogram Anplwa ak Fòmasyon**
  - Anpil lòt benefis ak sèvis leta bay
- **Mande anplwayè ou osijè pwogram tranzit pre-taks ak pwogram pou depans medikal ak pwogram epay pou kolèj ak pou pran retrèt.** Selon Lwa Benefis Pasaje Ale-Retou Vil New York (Commuter Benefits Law), pifò anplwayè prive ak

anplwayè ki pa travay pou fè pwofi yo ki gen 20 oswa plis anplwaye atanplen ki pa sendike nan Vil New York dwe ofri yon pwogram benefis pou pasaje ki fè deplasman nan transpò ale-retou toulejou. Si lalwa pwoteje ou, ou gendwa redwi depans chak mwa ou yo si ou itilize revni anvan taks ou pou peye pou deplasman ale-retou nan transpò.

- **Nan moman ou peye taks ou yo, sèvi ak NYC Free Tax Prep pou reklame kredi taks enpòtan ou merite yo.** Kredi Taks sou Revni ou Touche (Earned Income Tax Credit - EITC) se yon kredi taks federal, Eta a ak Vil New York la bay fanmi ki kalifye, paran ki pa gen gad timoun oswa selibatè ki travay atanplen oswa atan pasyèl oswa ki se travayè endepandan.

Kredi Taks pou Swen pou Timoun Vil New York (New York City Child Care Tax Credit - NYC CCTC) disponib pou ede fanmi yo peye pou depans pou swen pitit yo. Si ou touche \$30,000 oswa mwens epi ou peye depans pou swen yon timoun jiskaske li gen 4tran, ou gendwa kalifye pou kredi taks lokal lan pou jiska \$1,733.

Touledè EITC ak NYC CCTC se kredi taks ki ranbousab. Si ou pa dwe okenn taks, w ap resevwa lajan anretou sou yon fòm yon ranbousman taks.

Si ou kalifye pou NYC Free Tax Prep, ou ka ekonomize \$150 anmwayèn nan frè ou ta dwe peye yon moun k ap prepare taks ou pou ou epi ou ka kenbe tout ranbousman an pou ou.

### ASISTANS GRATIS

- ACCESS NYC se yon sèvis gratis ki ede ou chèche konnen si ou kalifye pou plis pase 30 pwogram benefis Vil la, Eta a ak gouvènman federal la òganize. Al gade nan [nyc.gov/idnyc](http://nyc.gov/idnyc) oswa kontakte 311 pou jwenn enfòmasyon osijè ACCESS NYC. Ou kapab aplike sou Entènèt pou sèten pwogram grasa ACCESS NYC.
- Ou gendwa kalifye pou sèvis preparasyon taks gratis NYC Free Tax Prep, ki gen ladann anrejistreman deklarasyon taks la sou Entènèt oswa fas-a-fas avèk yon volontè ki prepare taks pou VITA/TCE e ki sètifye pa IRS. Si ou bezwen plis enfòmasyon, ikonpri elijibilite revni ak lis dokiman ou bezwen pou deklare taks ou yo, al gade nan [nyc.gov/taxprep](http://nyc.gov/taxprep) oswa rele 311 epi mande pou asistans ak preparasyon taks.

## ENPÒTAN

- Ou kapab itilize IDNYC kòm prèv idantite pou deklare taks ou yo. Al gade nan [nyc.gov/idnyc](https://nyc.gov/idnyc) oswa rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon.
- Sèten sit preparasyon taks gratis NYC Free Tax Prep ka ede ou aplike pou yon Nimewo Kontribyab Endividyèl (Taxpayer Identification Number - ITIN). Gade detay sit la.
  - Yon ITIN se yon nimewo tretman taks IRS bay. IRS bay ITIN yo ba etranje ak lòt moun toujou ki dwe rapòte oswa deklare taks federal epi ki pa kalifye pou nimewo Sekirite Sosyal yo.
- Jwenn konsèy finansyè gratis ak pwofesyonèl fas-a-fas nan NYC Financial Empowerment Center pou kapab optimize yon ranbousman taks. Rele 311 pou pran yon randevou nan zòn ou oswa al gade nan [nyc.gov/dca](https://nyc.gov/dca) pou jwenn plis enfòmasyon.

## LÒT RESOUS

- Li lòt Konsèy sou Pwoteksyon Konsomatè pou Fanm yo:
  - AJANS ANPLWA
  - FINANS
  - ACHTE MACHANDIZ AK PEYE POU SÈVIS
- Administrasyon Resous Imèn (HRA): Al gade nan [nyc.gov/hra](https://nyc.gov/hra) oswa rele Nimewo Enfòmasyon HRA nan 1-718-557-1399 oswa 311 pou chèche konnen si ou elijib pou benefis ak sèvis leta bay ak kijan pou aplike.

## KONSÈY SOU PWOTEKSYON KONSOMATÈ POU FANM:

# ACHTE MACHANDIZ AK PEYE POU SÈVIS

## KONSÈY JENERAL

- **Li ilegal pou bay gason ak fi yon pri ki diferan pou menm sèvis la.** Lis pri yo gendwa pa baze sou sèks moun lan. Yo dwe endike diferans nan pri yo tankou mendèv ki te nesèsè a. Pa egzanp, olye pou yo itilize ekspresyon “chemiz” ak “blouz”, lis pri yo dwe dekri diferans ki mande plis travay mendèv pou netwaye: chemiz ki gen volan; chemiz ki gen pli.

Chèche gade si ou wè pri yo. Magazen yo dwe afiche pri machandiz ak sèvis yo. Li ilegal pou mande plis kòb pase pri ki afiche an.

Biznis ki vann machandiz dwe afiche pri yo swa sou atik la menm oswa sou yon pano kote atik la ekspoze.

Biznis ki vann sèvis—pa egzanp, salon bote oswa blanchisri—dwe afiche pri yo kote yo plase kòmman yo ak kote kès la ye.

- **Pou ekonomize lajan, wè si ou pa kapab achte vèsyon pwodui ki pou “gason” an.** Yon etid Depatman Zafè Konsomatè (DCA) konpare prèske 800 pwodui ki gen vèsyon klè “pou gason” ak “pou fi” nan plis pase 90 mak nan senk (5) sektè: jwèt ak akseswa; rad pou timoun; rad pou adilt; pwodui swen pèsònèl; pwodui swen sante senyò/pou lakay. Pwodui pou fanm yo koute pi chè 42 pousan nan fwa yo alòske pwodui pou gason yo koute pi chè 18 pousan nan fwa yo.
- **Pa vin yon viktim eskwokri.**
  - Pa janm peye frè yo anvan ou resevwa nenpòt sèvis.
  - Mande konra ki ekri klèman. Asire ou fin konprann yon kontra anvan ou siyen li.
  - Kenbe tout resi yo.

Si yon biznis te fè ou ditò, kontakte 311 pou depoze yon plent.

- **Evite jwèt timoun ki danjre.**

- Evite achte jwèt ki gen metal ak materyo ki twò bon mache.
- Poutèt pwodui chimik toksik gendwa rete sou sifas jwèt, bijou ak goblè, pa janm kite pitit ou mache, souse oswa mete atik sa yo nan bouch li.
- Respekte rekòmandasyon ki gen pou wè ak laj timoun lan dwe genyen ki make sou anbalaj la pou li kapab jwe ak jwèt yo, menmsi ou panse pitit ou plis avanse.
- Tcheke si konpayi an p at fè anons pou mande achte yo voye tounen atik yo.

- **Pwoteje idantite ou.**

- Tcheke rapò sou kredi ou chak ane.
- Chire tout dokiman ki gen enfòmasyon pèsònèl sou ou tankou nimewo kont ak enfòmasyon Sekirite Sosyal pou anpeche yo pa vòlè idantite ou.

Si yon moun te vòlè idantite ou, mete yon alèt sou rapò kredi ou, pote plent nan lapolis epi depoze yon plent avèk Komisyon Federal pou Komès (Federal Trade Commission - FTC) an.

- **Denonse pèsèkisyon pou kòlèk dèt.**

Kolektè dèt yo dwe gen yon lisans yo resevwa nan men Depatman Zafè Konsomatè (DCA). Yo dwe ba ou prèv dèt yo.

Yo pa gen dwa pèsèkite ou, menmsi ou dwe lajan.

Si yon kolektè dèt kontakte ou, tcheke touswit si biznis lan gen yon lisans epi mande prèv egzistans dèt la alekri.



Al gade nan [nyc.gov/dca](https://nyc.gov/dca) oswa kontakte 311 pou tcheke si biznis la gen yon lisans oswa pou pote plent.

## PWODUI AK SÈVIS POU KONSOMATÈ AK FINANSYE KI PREDATÈ

- **Evite sosyete ankèsman chèk yo.** Lè ou sèvi ak yon konpayi ankèsman chèk, sa gendwa koute ou anmwayèn \$475 nan frè chak ane. Kont labank ak kont kès depay ki bon mache e ki an tout sekirite, mwen chè pase lè ou itilize konpayi ankèsman chèk.
- **Evite biznis lokasyon avèk opsyon pou achte.** Li koute trè chè pou sèvi ak biznis lokasyon avèk opsyon pou achte pou achte atik kay. Anmwayèn, kliyan ki lwe atik ase lontan pou achte yo peye yon to pousantaj anyèl (APR) 70 pousan ki piplis pase pri kach ki make a. Biznis sa yo pa konn bese pri yo anpil. Al gade tout kote pou jwenn pi bon òf la.
- **Evite pwodui ki baze sou antisipasyon yon ranbousman.** Yon Chèk Antisipasyon Ranbousman (Refund Anticipation Check - RAC) oswa Transfè Ranbousman se fason ki chè anpil pou peye chaj pou preparasyon taks pi devan. Yon Prè Lajan pou Antisipasyon Ranbousman (Refund Anticipation Loan - RAL) se yon prè ki gen enterè elve. Pwodui sa yo p ap fè yo ranbouse ou pi vit.

### ENPÒTAN

- Si ou sèvi ak yon RAL oswa yon RAC, sa pral koute ou lajan epi bese montan total ranbousman w ap resevwa a.
- Moun ki bay prè an gendwa fè ou peye frè ak enterè. Moun ki prepare taks yo ki te ofri prè a pa kapab ajoute chaj oswa frè poutèt li te prepare aplikasyon ou pou RAL la.
- Li pa legal pou yon moun ki prepare taks deklare ke yon RAL se yon “ranbousman enstantane,” yon “ranbousman rapid,” yon “ranbousman ekspres,” “Lajan Davans (preFund),” “kach rapid,” oswa nenpòt lòt ekspresyon konsa ki kache lefèt ke RAL se yon prè lajan li ye.
- Moun ki prepare taks ou yo pa kapab mande ou pran yon RAL.



Mande enfòmasyon osijè anrejistreman deklarasyon elektwonik (electronic filing), depo dirèk ansanm ak lòt opsyon pou akselere peman ranbousman yo. Si ou sèvi ak depo dirèk, ou gendwa resevwa ranbousman taks federal ou ant 8 ak 14 jou ouvrab apre virman an.

- **Prè sou salè ilegal nan New York.** Yon prè sou salè se yon prè akoutèm ou dwe ranbouse anjeneral pwochen fwa ou touche salè ou. Moun ki prete lajan sa a peye frè ak to enterè ki trè wo. Si ou resevwa yon òf pou yon prè sou salè, tanpri rapòte l ba Depatman Eta New York pou Sèvis Finansye (New York State Department of Financial Services) nan nimewo 1-800-342-3736 oswa al gade nan [dfs.ny.gov](https://dfs.ny.gov).

### ENPÒTAN

Si ou pa gen lajan pou peye lwaye a oswa pou yon lòt bezwen enpòtan, men kèk altènativ ou ta dwe konsidere:

- Jwenn plis enfòmasyon osijè pwogram asistans pou ijans Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration - HRA) yo, ikonpri asistans ak lajan kach. Rele 311 oswa al gade nan [nyc.gov/hra](https://nyc.gov/hra) pou jwenn plis enfòmasyon.
- Gade si ou pa ka jwenn yon ti prè lajan nan men yon kès depay oswa yon bank. Pa bliye chèche byen pou jwenn to enterè ki pi ba yo.
- Mande anlwayè ou enfòmasyon konsènan avans sou salè. Li politik ki alekri an. Siveye frè yo chaje yo pou asire yo rezonab.
- Mande fanmi oswa zanmi pou yon ti prè.
- Founisè kat kredi ou gendwa ba ou yon avans lajan kach. Li ka gen yon to enterè ki pi wo pase yon prè kès depay oswa labank. Pa bliye konpare tout depans yo.

- **Fè atansyon ak sèvis règleman dèt yo.** Fè atansyon ak sèvis ki deklare yo kapab elimine oswa “regle” dèt ou yo. Souvan, *tantativ pou règle dèt pa mache*. Ou ka gen pou peye plizyè milye dola nan frè epi w ap gen plis dèt toujou.

# FÈ ATANSYON...

## PRÈ KI GEN KONDISYON ABIZIF

**Prè pou machin dezyèm men** se yon tip prè ki gen kondisyon abizif nou konn wè anpil. Souvan, prè sa yo pa bon pou moun k ap prete lajan an. Tankou pou lòt kalite prè yo, chèche epi konpare tèm ak kondisyon yo pou jwenn òf ki pibon pou ou an.

## ASISTANS GRATIS

- Jwenn konsèy finansyè gratis ak pwofesyonèl fas-a-fas nan NYC Financial Empowerment Center. Rele 311 pou pran yon randevou nan zòn ou oswa al gade nan [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) pou jwenn plis enfòmasyon.

## LÒT RESOUS

- Li lòt Konsèy sou Pwoteksyon Konsomatè pou Fanm yo:
  - AJANS ANPLWA
  - FINANS
  - PWOGRAM AK SÈVIS POU KREYE REVNI
- Al gade nan [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) pou jwenn lòt dokiman toujou, ikonpri:
  - [10 Bagay Chak Konsomatè Ta Dwe Konnen](#)
  - [10 Pi Vye Eskwokri ki Rive Toulejou ak Fason pou Evite Yo](#)
  - [Soti nan Bèsò tounen Granmoun ki Bezwen yon Baton pou Mache: Pouki sa Konsomatè Fi Dwe Peye Plis Pase Konsomatè Gason](#)
  - [Fason pou Evite Jwèt Timoun ki Danjre](#)
  - [Fè Atansyon ak Sèvis pou Règleman Dèt](#)

Epitou al gade nan [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) pou jwenn plis enfòmasyon osijè eskwokri.

- Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York: Al gade nan [dos.ny.gov/consumerprotection](http://dos.ny.gov/consumerprotection) pou jwenn Konsèy pou Acha pou Konsomatè ki Pridan.

**NÒT**



“

**Pou pwoteje ak  
amelyore lavi  
ekonomik toulejou  
abitan Vil New York  
pou kreye kominote  
ki pwospè.**

”